

Florida  
**Osteoporosis**  
Prevention  
& Education Program

**Pwogram Prevansyon ak Edikasyon Osteyopowoz nan Florid**

**Fanm Panyòl fas ak Maladi Osteyopowoz la**

Fanm panyòl yo kouri gwo danje pou yo devlope osteyopowoz. Kèk etid ki fèt montre fanm panyòl ansanm ak fanm blanch, konsome mwens kalsyòm pase kantite yo rekòmande pou moun manje nan tout gwoup laj. Epitou, yo estime kantite ka zo hanch kase va ogmante bridsoukou nan lemonn (sitou an Azi ak nan Amerik latin) pou 50 lane k ap vini la yo. Piske ti granmoun yo plis andanje pou yo devlope ka zo kase, yon lòt koze ki vin bay tèt chaje ankò soti nan popilasyon an k ap vin pi granmoun pi rapid;. Popilasyon panyòl la ap ogmante pi rapid pase moun ki pa panyòl yo: li te ogmante 53% ant lane 1980 ak lane 1990 konpare ak 6.7% sèlman pou lòt moun ki pa panyòl yo. Biwo pou Resansman estime popilasyon panyòl lan pral preske triple ant lane 1995 ak lane 2050.

Dapre yon Ankèt sou Lasante nan tout peyi an ak sou Egzamen jan moun manje (NHANES III) (1988-91), ant 36-49% fanm ameriken ki desandan meksiken epi ki gen 50 an oswa plis (300-400 000 fanm) te pèdi yon bon valè nan dansite zo yo. Pami fanm ameriken desandan Meksiken etid NHANES la idantifye, 13-16% (100 000) deja ap souffri ak osteyopowoz. Menmsi pa gen chif sou ka zo kase kay fanm panyòl yo, gen plis chans pou ka zo kase ki makònen ak osteyopowoz ogmante ak laj epi akòz dansite zo yo ki vin pèdi.